

## **Avi pou Anplwaye Salè Minimòm nan Florida**

**Apati 1ye janvye 2021, salè minimòm Florida pou 2021 lan se \$8.65 pa èdtan, ak yon salè minimòm ki omwen \$5.63 pa èdtan pou anplwaye ki travay sou poubwa, anplis de poubwa yo resevwa.**

To salè minimòm nan rekalkile chak ane nan dat 30 Septanm, li baze sou Endis Pri Konsomasyon (Consumer Price Index).

Yon anplwayè pa kapab ripòste kont yon anplwaye poutèt l'ap egzèse dwa li pou resevwa sale minimòm. Dwa ki pwoteje pa Konstitisyon Eta enkli dwa pou :

1. Depoze yon plent sou swadizan non-konfòmite yon anplwayè avèk egzijans salè minimòm legal.
2. Enfòme nenpòt moun sou swadizan non-konfòmite yon anplwayè avèk egzijans salè minimòm legal.
3. Enfòme nenpòt moun de potansyèl dwa li genyen dapre Seksyon 24, Atik X nan Konstitisyon Eta Florida epi ede moun nan revandike dwa sa yo.

Yon anplwaye ki pa te resevwa salè minimòm legal la aprè li te fin avize anplwayè li oubyen apre li te bay anplwayè a 15 jou pou rezoud nenpòt reklamasyon salè ki pokò peye, ka mennen aksyon sivil nan yon tribunal kont yon aplwayè pou rekipere salè en reta plis domaj ak frè avoka.

Yon anplwayè yo jwenn responsab poutèt li te entansyonèlman vyole kondisyon salè minimòm sijè a yon amann \$1,000 pa vyolasyon, peyab bay eta Florida. Avoka Jeneral la oubyen lòt ofisyèl ki deziyen pa Lalwa ka mennen yon aksyon sivil pou ranfòse salè minimòm lan.

Pou detay, gade Seksyon 24, Atik X Konstitisyon Eta a ak Seksyon 448.110, Lwa Florida.